**दिन–शनिवार** **दिनांक–15.11.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधि– 05 मिनट

---

बिहार विधानसभा चुनाव मे एनडीए कऽ ऐतिहासिक जीतक बाद सरकार गठन कँ लऽकऽ राजनीतिक हलचल तेज भऽ गेल अछि। प्रदेश भाजपा अध्यक्ष दिलीप जायसवाल कहलनि अछि जे भाजपा केंद्रीय नेतृत्व जल्दीएं सरकार गठन सँ संबंधित सभ पहलू कँ अंतिम रूप दऽ देत। ओ कहलनि अछि जे दू दिन मे सभ किछु तय भऽ जायत। श्री जायसवाल कहलनि जे पार्टी मतदाता सभक आभार व्यक्त करबाक लेल राज्यक सभ जिला सभ मे काल्हि धन्यवाद मार्च निकालत। सरकार गठनक प्रक्रियाक मादे श्री जायसवाल कहलनि जे सभ सँ पहिने एनडीए कऽ सभ घटक दल अपन विधायक सभक बैसार सभ मे नेता सभक चयन करत। ओकर बाद गठबंधनक एकटा संयुक्त बैसार मे एनडीए कऽ नेता कँ चुनाव कयल जायत। ओ कहलनि जे एहि सँ संबंधित कार्यक्रम आओर विवरण पार्टीक केंद्रीय नेतृत्व घोषित करत।

---

एम्हर, आई लोक जनशक्ति पार्टी–रामविलासक अध्यक्ष चिराग पासवान, मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक आवास पर जाकऽ भेंट कयलनि। बाद मे संवाददाता सभ सँ बातचीत मे श्री पासवान कहलनि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक नेतृत्व मे सभ दल सभक बीच आपसी तालमेलक कारणे एनडीए कऽ ऐतिहासिक जीत भेटल अछि। एम्हर, जदयूक वरिष्ठ नेता और केंद्रीय मंत्री ललन सिंह सेहो मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सँ आई भेंट कयलनि।

---

भारतीय जनता पार्टी, पूर्व केंद्रीय मंत्री आर. के. सिंह कँ छओ वर्षक लेल पार्टी सँ निलंबित कऽ देलक अछि। एहि संबंध मे जारी पत्र मे कहल गेल अछि जे पिछुला किछु दिन सँ हुनक गतिविधि सभ पार्टीक विरोध मे रहल अछि, जे अनुशासन–हिनताक दायरा मे अबैत अछि। एकर अलावे विधान पार्षद अशोक अग्रवाल आओर पार्टी नेत्री उषा अग्रवाल कँ सेहो पार्टी नोटिस जारी कयलक अछि, जे कियैक ने हुनका अनुशासन–हिनताक कारणे पार्टी सँ निष्कासित कयल जाए।

---

विधानसभा चुनाव मे राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधन–एनडीए **दू सय दू** टा सीट जीत कऽ भारी बहुमत हासिल कयलक अछि। भारतीय जनता पार्टी **नवासी** टा सीट जीति कँ सभ सँ नमहर पार्टी बनि कऽ उभरल अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक नेतृत्व वला जनता दल यूनाइटेड–जदयू **पचासी** टा सीट जीतलक अछि। केंद्रीय मंत्री चिराग पासवानक नेतृत्व वला लोक जनशक्ति पार्टी–रामविलास कँ **उन्नैस** टा सीट भेटल अछि। पूर्व मुख्यमंत्री जीतन राम मांझीक नेतृत्वक वला हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा सेक्यूलर **पांच** टा सीट, जखनकि उपेन्द्र कुशवाहाक नेतृत्व वला राष्ट्रीय लोक मोर्चा **चारि** टा सीट प्राप्त कयलक अछि। एम्हर, राष्ट्रीय जनता दलक नेतृत्व वला महागठबंधन **पैंतीस** टा सीट पर आबि गेल। एहि मे राजद कँ **पच्चीस**, जखनकि कांग्रेस कँ **छओ** टा सीट भेटल अछि। ओतहि भाकपा माले कँ दू टा सीट आओर माकपा व इंडियन इंक्लूसिव पार्टी कँ **एक–एक** टा सीट भेटल अछि। एकर अलावे, एआईएमआईएम **पांच** टा सीट आओर बहुजन समाज पार्टी **एक** टा सीट जीतलक अछि। प्रशांत किशोरक जनसुराज पार्टीक चुनाव मे खाता नहिं खुलि सकल। पार्टीक अधिकतर उम्मीदवार सभक जमानत जब्त भऽ गेल।

———————————————————————

विधानसभा चुनाव मे नीतीश–कैबिनेटक उनतीस टा मंत्री सभ मे सँ अट्ठाईस टा कँ जीत भेटल अछि। एक मात्र मंत्री सुमित सिंह कँ चकाई विधानसभा क्षेत्र सँ राजदक सावित्रि देवी सँ हारक सामना करऽ पड़लनि। जीत हासिल करय वला मंत्री सभ मे उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर विजय कुमार सिन्हा कऽ संग–संग भाजपा कोटाक मंत्री मंगल पांडेय, नितिन नवीन, संजय सरावगी, केदार प्रसाद गुप्ता, राजू कुमार सिंह आओर सुरेन्द्र मेहता शामिल छथि। एकर अलावे प्रेम कुमार, नीतीश मिश्रा, नीरज सिंह बबलू, जीवेश मिश्रा, डॉक्टर सुनील कुमार, विजय मंडल, रेणू देवी, कृष्ण कुमार मंटू आओर कृष्णनंदन पासवान कँ सेहो जीत भेटल अछि। एम्हर, जदयू कोटाक मंत्री श्रवण कुमार, महेश्वर हजारी, सुनील कुमार, विजय कुमार चौधरी और शीला कुमारी जीत हासिल कयलनि अछि। बिजेन्द्र प्रसाद यादव, रत्नेश सादा, जमां खान, जयंत राज, मदन सहनी आओर लेसी सिंह चुनाव जीतलनि अछि।

———————————————————————

मुजफ्फरपुर जिलाक मोतिपुरक वार्ड संख्या तेरह स्थित एक टा घर मे आगि लागि गेला सँ परिवारक पांच टा लोकक झुलसि कऽ मृत्यु भऽ गेल। एहि मे दू टा बच्चा सेहो शामिल अछि। ओतहि, हादसा मे पांच टा अन्य लोक झुलसि गेलाह जनिकर स्थिति गंभीर बताओल जा रहल अछि। पुलिस उपाधीक्षक सुचित्रा कुमारी बतौलनि जे शॉर्ट सर्किटक कारणे आगि लगबाक आशंका अछि। घटनाक जांच कयल जा रहल अछि।

---

राष्ट्र मे आई स्वतंत्रता सेनानी आओर आदिवासी नेता भगवान बिरसा मुंडाक जयंतीक उपलक्ष्य मे जनजातिय गौरव दिवस मनाओल जा रहल अछि। एहि अवसर पर पटनाक सचिवालय भवनक समीप स्थित भगवान बिरसा मुंडाक प्रतिमा पर गणमान्य लोक सभ श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ एफएम रेनबो पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।